

RISK POU LASANTE

Plon lakòz domaj nan sèvo a ak lòt ògàn yo epi li ka akimile nan kò a apre yon tan.

→ Pou Timoun

Timoun ki poko gen 6 lane se yo ki pi vilnerab. Piske sèvo yo ak sistèm nève yo ap devlope rapidman, kontaminasyon ak plon ka lakòz domaj pèmanan.

→ Pou Tibebe

Tibebe ki ap pran lèt an poud ka resevwa jiska 60% nan kontaminasyon yo ak plon nan dlo.

→ Pou Granmoun

Kontaminasyon ak plon pou yon bon bout tan ka lakòz pwoblèm sante grav rive jis nan laj granmoun, tankou tansyon wo ak maladi kè.



Antre nan
Kanpay la!

LEADFREENJ.ORG/FILTERYOURTAP



Pou jwenn sous yo oswa pou aprann plis, ale sou:


<https://www.epa.gov/ground-water-and-drinking-water/basic-information-about-lead-drinking-water>

<https://www.cdc.gov/lead-prevention/prevention/drinking-water.html>

FILTER YOUR TAP

Kay ki pi ansyen ki te bati anvan 1986 yo ka gen plonbri ki gen plon, ki ka rantre nan dlo potab nan wobinè ou a. Plon envizib, li pa gen odè, li pa gen gou, epi pa gen yon nivo plon ki an sekirite. Filtre dlo wobinè ou pou diminye kontaminasyon ou ak plon epi pwoteje sante ou.

Pwoteje Dlo
Wobinèt Ou,
Pwoteje Sante Ou



LEADFREENJ.ORG/FILTERYOURTAP



CHWAZI YON FILTÈ



FASON POU ITILIZE FILTÈ OU A



VERIFYE FILTÈ OU A

Filtè sètifye yo ka retire plon nan dlo potab lè yo itilize yo byen. Asire w ou li tout enstriksyon yo, toujou ranplase filtè ki itilize/ekspire yo, epi pa kite dlo cho pase nan filtè a.



Jwenn Bon Filtè a

Filtè ou a dwe sètifye NSF dapre NSF/ANSI Standard 53 pou rediksyon plon ak NSF/ANSI Standard 42 pou rediksyon patikil. Filtè sa yo ka tipikman retire jiska 99% plon.



Verifye Anvan Ou Achte

Anvan ou achte filtè ou a, verifye anbalaj la oswa sit entènèt pwodwi a pou wè si li se yon mak sètifikasyon, tèks sou nòm yo, ak deklarasyon sou rediksyon plon.

Ou dwe toujou swiv manyèl espesifik ki vini ak pwodwi ou a.



Prepare Filtè w la oswa Wobinèt Ou a

Gen kèk po ki tou gen filtè ladan yo ki bezwen pou fè yon ti tranpe yo anvan ou itilize yo. Pou sipò wobinèt, devise ayeratè li te deja genyen an (griy la) ak jwen ki nan pwent wobinèt lavabo a.



Enstale/Mete

Fikse sipò a nan wobinèt ou a, mete filtè a nan frijidè ou a, oswa mete katouch la nan po ou a.



Netwaye Sistèm nan

Kite dlo frèt koule nan nouvo filtè a pandan plizyè minit (oswa ranpli epi jete 2-3 premye po dlo yo) pou prepare katouch la pou itilizasyon.



Jwi epi Ranplase

Sèvi ak dlo frèt pou plis pwoteksyon. Pifò filtè yo dire ant 2 jiska 6 mwa; pou asire dlo a rete san plon, ranplase katouch la dapre kalandriye manifakti a.

Pou rete pwoteje:

→ Siveye Endikatè a

Voye je sou limyè entegre ki nan filtè ou a oswa kalib la; l ap chanje koulè oswa pozisyon lè lè a rive pou chanje katouch la.

→ Swiv Delè Ou a

Menm si limyè a pa chanje, ranplase katouch la dapre kalandriye fabrikasyon an pou anpeche bakteri devlope ak bouche filtè a, pou asire filtè a rete efikas.

→ Swiv Manyèl la

Swiv ak anpil atansyon etap antretyen espesifik fabrikasyon an bay yo pou ranplase katouch la byen epi retabli endikatè a.

